ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№11 (23.669) ● 2018 гъэм щІышылэм (январым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий яІущІащ республикэм и Правительствэм и унафэщІхэмрэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэмрэ

КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ яІущІащ республикэм и Правительствэм и унафэщІхэмрэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм, кьалэ округхэм я Іэтащхьэхэмрэ. ЗэІущІэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ адэкІэм эзрызиужьыну щІыкІэм теухуа Іуэхухэм.

● Дыгъуасэ

2017 гъэм къриклуэхэм къызэрагъэпэджыжмкІэ, жиІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм, зэрыщыту кьапщтэмэ, республикэм нэхъапэу щаубзыхуауэ щыта кьалэнхэм нэсащ, макроэкономикэ мардэ нэхъыщхьэхэм зэпщІыкІыу зэрыхэхъуар нэрылъагъущ. Дызыхьыхьа илъэсыр, КЪБР-м и Іэтащхьэм кьызэриплъэмкІэ, нэхъ тыншу щытынкъым. Кьапэщытщ «Іэнатіэ псоми экономикэм зыщегъэжьынкыр, социальнэ и лъэныкъуэкІэ кьалэн зыщащІыжахэр нэсу ягъэзэщІэныр».

Кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэуващ Урысейм и Президентым и нэкъыгъэ Указхэм ящыщу социальнэ Іэнатіэм (егъэджэныгъэм, узыншагъэр хьумэным, щэнхабзэмэ) пэрытхэм я лэжьапІщІэм хэгъэхуэным теухуахэр гъэзэщІэныр, апхуэдэуи муниципальнэ къулыкъущІэхэмрэ зи хэхъуэр нэхъ мащІэ дыдэу ят лэжьапщІэм епхэхэмрэ я лэжьапщІэр индексацэ щыныр илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ зэгъэхъулІэныр. А Іэхуэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ бюджетым щыхухахащ сом мелард хуэдиз. Абыхэм ятещІыхьа мылъку муниципалитетэхэм хуагъэхь.

Унагъуэм, анэхэмрэ сабийхэмрэ защІэзгъэхъуэн мурадкІэ, ямэ, етІуанэ сабийхэм папщІэ ират ахъшэр сом мин 12-рэ сом 778-рэ хъуэу ягъэуващ, республикэм щІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэм тещІыхьауэ.

Гулъытэ хэха хуащІащ бюджетым и хэхъуэхэр зыгъэнщІ Іэхуэхэр зэфІэгъэкІыным, налогэу щымыт къыхаххэр нэхъыбэ щыным теухуауэ щыІэ кьалэнхэр гъэзэщІэным. Административхэм я унафэщІхэм хуагъэуващ финанс, бюджет, налог дисциплинэм теухуауэ щыІэ комиссэхэм я Іэтащхьэу увыну, кьимыдэкІэ, налог зытралъхьэ Іуэхущапіэхэр, хабзэхъумэ органхэм ящыІэныр, къэгъэнэІуауэ аха тхьыным теухуа Іэжьыгъэр къызэрагъэпэщыну, муниципалитетхэм, юридическэ лицуэ кьалъытэхэм, цІыху щхьэхуэхэм мылъкуу, щІыуэ ябгъэдэлъыр гъэбелджылыныр и кІэм нагъэсу ахэр налог зытехуэ Іуэхущапіэхэм храгъэтхэну.

ЩІыр къэгъэсэбэпыным пыща бэджэнд зэхущІытыкІэхэр гъэтэмэныным, бэджэндыпщІэу ятехуэмрэ мэкъумэш щІапІэу къэбгъэсэбэп хъуну щІыхэр бэджэнду зэрат пІалъэмрэ псоми я дежкІэ зэхуэдэу щытыныр кьызэрагъэпэщыным пыщІа кьалэнхэр ягъэуващ. КЪБР-м и Правительствэм пщэрыльъ щащІащ 2018 гъэм и гъатхэпэм и 1-м ирихьэлІэу абы теухуа я чэнджэщхэр ягъэхьэзыну къыхалъхьэну. «А лэжьыгъэр нэхъри щІэгъэхуэбжьэн хуейщ, а лэжьыгъэр щІыпІэхэм щызэфІэзэгъэкІэм яхь жэуапІныгъэм хэгъэхъуэн, а Іуэхум пщІауэ щыІэ гугъуехьхэр нэхъ зыхащІэу щытын хуейщ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

Зэхуэсым кьыщыхагъащІащ экономикэм и коммерцэ Іэнатіэми лэжьапщІэхэр и чэзум тыным и Іуэхур къэжьащ. «Кавказкабель»-м щыІа щытыкІэр. ЦІыхухэм иратын хуей лэжьапщІэмкІэ щІыхуэшхуэ щызэтрихьат абы, Іуэхущапіэр зейм и зэранкІэ. «Апхуэдэ къэбгъэхъу хъункъым. Властыр кьыщхьэщыжьынкІи икІи ихъуэм хуейщ и цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр, ахэр щылажьэ Іуэхущапіэхэр зи мылъкуу щытым емылъытауэ», - жиІащ КІуэкІуэм.

Унэтіныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ цІыхухэм зыкъызэрыхуагъаззэхэм пыщІа лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныр, ахэр зыгъэпІейтейхэм, зыхуэныкъуэхэмрэ я гуныкъуэгъуэхэмрэ гупсэхуу щыгъуаз зыщІыныр икІи и чэзум абыхэм япэджэжьныр.

БлэкІа илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрыр хабжащ Урысей Федерацэм и щыналъэхэу инвестицэ нэхъыбэ къызэщІэзыгъэлъэгъфахэм, ауэ абы къикІыр-кьым, жиІащ щыналъэм и Унафэщым, «а Іэнатіэм псори тэмэму щыІэзэпечхуауэ». Инвестицэ щытыкІэр егъэфІэкІуэныр, цІыхухэм жэрдэм яхэлъу а Іуэхум кьыхьыхьэн папщІэ зыхуей псори кьахуэзгъэпэщыныр, хьэрычэт мыиныр, курытым, унагъуэхэм ейм защІэгъэкъуэныр 2018 гъэм япэ игъэщыпхъэхэм ящыщщ.

Кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу кьонэжь энергиеу кьагъэсэбэпам пэкІэу уасэмкІэ зэтрихьа щІыхуэхэр пшынысыныр. А лъэныкъуэмкІэ щача лъэбакъуэфІэхэми нэхъыщхьэр - энергоресуру кьагъэсэбэпам пэкІуэ уасэр нэсу тыныр - къыІэзрагъэпэщыркъым, псоп, ямэу ар зэхьэлІар газым щІатын хуей пщІэрщ.

2017 гъэм лъабакъуэфІэр ча хъуащ социальнэ Іэнатіэм и материально-техникэ лъабжьэр гъэбліданым хуэунэтІауэ. Ятащ леджапІэщІэхэр, медицинэ Іуэхущапіэхэр, Щэнхабзэмкіэ унэхэр. «Ахэр я Іэщащ псомкІи, сэбэпныгъ нэхъыбэ кьату гъэлъэжьэн хуейщ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Илъэс дызэрыпш пащэнущ кьалэхэр егъэфІэкІуэным, гъуэгуэр, Щэнхабзэмкіэ унэхэр зэгъэпэщыжыным, жылагъуэхэр зэгъэпэщ щІыным, щІынальэхэр гъэкъэбзэным, кІэрыхубжьэрыхухэр дэшьнымрэ абыхэм елэжьынымрэ хуэгъэпса федеральнэ проект зыбжанэ зэуэ гъэзэщІаным. Нартан кьуажэм щыщІадзэнущ цІыхухэм зыщагъэпсэхун центрыщІэ ухуэным.

Урысей Федерацэм и Президентыр зэрыхахынум ипкъ иткІэ, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм пщэрыльъ щащІащ хэхьныгъэхэм зыхуэгъэхъзырынымрэ ахэр тэмэму егъэкІуэкІынымрэ хуэунэтІа лэжьыгъэхэр, цІыхухэм Іэ яІэтыным, я Іуэху епІыкІэхэр хуиту къагъэлъэгъэным теухуауэ яІэ хуитынныгъэхэм кьитІасэу, кьызэрагъэпэщыну.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков А. Т.**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Кьуэдзокьуэ М. М.**, КЪБР-м экономикэ, жылагъуэ шынагъуэнщагъэмкІэ и советым и Секретарь **Тату Къ. Б.**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ятэ кьуэдзэ **Говоров С. А.**, КЪБР-м и вице-премьерхэу **Бэлэтокьуэ В. Къ.**, **Къардэн М. Н.**, **Емуз Н. Гъу.**, сымэ, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ я унафэщІхэр.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыІущІащ «Урысеймэкъумэшбанк» АО-м и правленэм и Унафэщым и къуэдзэ Барабанов А. Н.

КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ «Урысеймэкъумэшбанк» АО-м и правленэм и Унафэщым и къуэдзэ Барабанов Андрей.

АХЭР тепсэлъыхьащ мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыным пыщІа программэхэр щыналъэм щыгъэзэщІэным теухуауэ дяпэкІи зэрызэдэлэжьэну щІыкІэм, инвестицэ проектышхуэхэм мылъку яхуэхьныным, унагъуэ мэкъумэшыщІэ-фермер Іуэхущапіэхэм защІэгъэкъуэным.

Гулъытэ хэха хуащІащ банк Іуэхутхьэбзэкэр цІыху нэхъыбэм кьагъэсэбэпыным, ґьатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэм зыщыкъагъэхьэзыр лъэхъэнгъэ къэлъытауэ, льготэкІэ цІыхуэхэр тыным пыщІа Іуэхухэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Урысей студентхэм я махуэм теухуа и хъуэхъу

Махуэ гъэзэджэмкІэ - Урысейм и студентхэм я махуэмкІэ - сныныбохъуэхъу.

Студенту щытыну зэгуэр зи насыпым кьрихьэкІа псоми гуапэу ягу кьагъэкІыж нэхъ гъэщІэгъуэн дыдэу, ауэ жэуаплныгъэшхуэ зыпылъу щыта еджэгъуэ зэманыр. Щыстудент илъэсхэм щыхум и Іэщащагъэри адэкІэ иІэну екъуІэныгъэхэм я лъабжьэхэм зэтоуэз. Фэ фи егуГуныгъэм, ерыщагъым куэдкІэ ельытауэ щытынущ ди зыхуэныкъуэ ХХІ лІэщІыгъуэм иІэну ефІэкІуэныгъэр.

Мы зэманым ди республикэм щызэтеуващ дэтхэнэми сыт и лъэныкъуэкІи зиужьыныкІэ, спортым хэтныкІэ, жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэлэжьыныкІэ, Іэнатіэкіэ дэкІуэтеиныкІэ Іэмал псори. Шэч кьитехьэрхьым фэ лъагапІэшхуэхэм фызэрызыкІуэнум, еджэнми, лэжьыгъэми, гъащІэми фІыуэ фызэрыхэтынум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и студент псоми зэришІагъэ быдэ, насып, ефІэкІуэныгъэ фиІэну сныныбохъуэхъу.

● КЪБР-м и Правительствэм

Бжыгъэхэм арэзы укъащІыркъым

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий иджыблагъэ ирегъэкІуэкІащ республикэм и гъэсныныпхъэ-энергетикэ Іуэхущапіэхэм я лэжьыгъэм хэлъ гугъуехьхэм хэпльэнымкІэ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм я лЫкІуэкъэр зыхэт гупым и зэІущІэр.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Бэлэтокъуэ Владимир** къыщыпсалъэм къыхигъащІ 2017 гъэм щІыпІэ самоуправленэм и органхэр я дэІэпыкъуэгъуу, гъэсныныпхъэ-энергетикэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьыным лэжьыгъэ пыухыкІа зэрытраухуар.

- Зэрыдубзыхуэм тету, лъэпощхьэпо къыхэмыкІыу бжьыхьэ-щымахуэ лъэхъэнэм хьэзыр дыхуэхъащ. Газыр, хуабэр, токыр щызэпыу къэмыхъуу республикэм щыпсэуэхэм яІэрыхьащ, мы зэманми абы тету Іуэхур иокІуэкІ, - жиІащ Бэлэтокъуэм.

Ар тепсэлъыхьащ 2017 гъэм щІыхуэм, Іуэхущапіэ щхьэхуэхэм къагъэсэбэпа гъэсныныпхъэм щІата уасэмрэ ятелъ щІыхуэмрэ зыхуэдизым. Апхуэдэу къагъэсэбэпа щІыуэпс газым и уасэр ятащ процент 66,4-м, электрокъарум - процент 94,6-м, хуабэм - процент 89,1-м.

- Бжыгъэхэм ятепщІыкъым, 2017 гъэм Іуэхур нэхъ ефІэкІуауэ жыпІэ хъунущ. Республикэ, щІыпІэ бюджет зыхухах Іуэхущапіэхэм я гугъу пщІымэ, щІыуэпс газым щІатыр процент 101,9-кІэ ягъэзэщІащ, электрокъарур - процент 110,2-кІэ, хуабэр - процент 118-кІэ, - жиІащ Бэлэтокъуэ Владимир. - Федеральнэ бюджет зыхухах Іуэхущапіэхэм кьагъэсэбэпа газым щІата уасэр - процент 80,7-рэ, электрокъарум - процент 89,4-рэ, хуабэм - процент 105,4-рэ мэхъу. «Газпром-Налшык щыналъэ зэхуакуэ газ» АО-м къызэриІэльаГъэмкІэ, 2018 гъэм и щышылэм и 1-м ирихьэлІэу, республикэм кьыщагъэсэбэпа газым и уасэу псоми зэхэту кьамытар сом мелард 3-рэ мелуан 42-рэ мэхъу.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщі **Дзэхъушокьуэ Аслъан** тепсэлъыхьащ Іуэхущапіэхэм и Іуэхуэр зытетымрэ щІыхуэр ирагъэпшынымрэ теухуауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэмрэ. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, 2017 гъэм кьриубыдэу ящэну тращІыхьа электрокъарум сом мелард 4-рэ мелуан 327-рэ и уасэу, кьыхэкІыну хуагъэфащэр сом мелард 3-рэ мелуан 995-рэ (процент 92,3-кІэ ягъэзэщІэну) хъуэу яубзыхуауэ щытащ. Кьэпщтэмэ, промышленнэ Іуэхущапіэхэм ягъэса электрокъарум и уасэр процент 101,2-кІэ кьатащ, мэкъумэш Іэнатіэ пэрытхэм - процент 99,3-кІэ, республикэм щыпсэуэхэм - процент 99,4-кІэ. ЩІыпІэ бюджетым процент 100,4-кІэ игъэзэщІащ, республикэ бюджетым процент 107-кІэ, федеральнэ бюджетым процент 99,9-кІэ.

- Лъэпощхьэпо здэщыІэр псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэм и Іуэхущапіэхэрщ. Абыхэм уасэр процент 50,5-м нэблагъэу кьатауэ аращ, 2016 гъэм бжыгъэр процент 55,9-м нэсу щытами. Къэбгъэльагъуэмэ, 2018 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу, «Къэббалъкъэнерго» АО-м и щІыхуэу ятелъыр сом зы мелардрэ мелуан 350-рэ мэхъу, - жиІащ Дзэхъушокьуэм. - Ди Іуэхущапіэр йолэжь и пІалъэм кьамыта щІыхуэхэр къыхихьажьынымрэ теухуауэ. 2017 гъэм тхыгъэ мини 7-рэ 102-рэ судым едгъэхьащ, щІыхуэ сом мелуан 569-рэ кьеІыхьыжьынымрэ теухуауэ. Сом мелуани 191-рэ щІыхуэм щыщу едгъэпшынащ.

Къэпсэлъам къыхигъащІащ республикэм и ЖКХ-м щыщу щІыхуэ зытелъхэр «Водоканал» МУП-р, «Налшык и хуабэ-энергетикэ компание» ООО-р, Бахъсэн кьалэм и «Водоканал» Іуэхущапіэр зэрыарар.

ЗэІущІэм щыжаІар кьыщІэзащІикъуэжьым, Мусуков Алий къыхигъэщащ цІыхухэм кьагъэсэбэп гъэсныныпхъэм и уасэр кьыдэзрыхэкІыр Іуэхущапіэхэр зэрефІэкІуар, ауэ бжыгъэхэм иджыри арэзы укъызэрамыщІыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 135-м щІигъу хухах

2018 гъэм «Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ туризмэм зыщегъэужьыныр» къэрал программэр гъэзэщІэным тригъэкІуэдэн папщІэ

«Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ туризмэм зыщегъэужьыныр» къэрал программэр гъэзэщІэным 2018 гъэм тригъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу КЪБР-м сом мелуани 135-м щІигъу къыхуаутІыпщащ. Абы теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзауэ щытащ КЪБР-м и Правительствэмрэ Туризмэмкіэ федеральнэ агентствэмрэ.

АХЪШЭР къыхуагъэсэбэпынущ инженер инфраструктурэм, газкІэ, электрокъарукІэ, псыкІэ къызэрызэрагъэпэщ сетхэм зегъэужьыным, Налшык и Ипщэ, Ищхъэрэ кьалэн куэд зыгъэзащІэ комплексхэм екІуалІэ гъэзугъэр щыным, апхуэдэу «Эрэгъыж» кластерыр зыхуей хэгъэзэным.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

КІуэкІуэ Юрий щэнхабзэмрэ гъуазэджэмкІэ дуней псом щыцІэрыІуэ, КЪБР-м и цІыхубз художник Шемякин Михаил хуэгъэзэщ абы ипхъу Доротее дунейм зэрехьыжам къыхэкІыу

«Гъуазэджэмрэ щэнхабзэмрэ дуней псом щыцІэрыІуэ я лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз художник Шемякин Михаил ипхъу закъуэр дунейм екьжащ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ, зыхуэбгъэдэн щымыІэ цІыху Доротее и адэм и щапхъэм тету художник хъуат. Абы и лэжьыгъэхэр Урысейми нэгъуэщІ къэрал куэдми щагъэлъэгъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я цІэкІэ, апхуэдэу си щхьэкІэ сэ къызбгъэдэкІыу сыпхуэгуэзащ. Ар гуэвзэгъэшхуэщ икІи хэщІыныгъэ инщ. Мы лъэхъэнэ гугъур ІэтыгъуэфІэ пщІышыщІкІ кьаурэр бэшэчагъэ уиІэну дыхуейщ», - Инстаграмым щІэнэ напэкІуэщІым иритхащ щыналъэм и унафэщІым.

Мы махуэхэм

Щ1ышылэм и 25, *махуэку*

♦Урысеймрэ Белоруссиемрэ щагъэлъапІэ Студентхэм я махуэр (Татьянэ и махуэр)

♦Урысей Федерацэм и Дзэ-Тенджыз флотым и къуэхьхэм я унафэщІхэм я махуэщ

♦1755 гъэм Москва къэрал университетыр къызэІуахащ.

♦1763 гъэм пащтыхь Гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Урысей къэралгъэмэ ІэщІакІэ ЗэщІэуэзда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэр.

♦1799 гъэм США-м щатащ жылэ зэрасэ Іэмэпсымэ зэрызэпкърыхьхам щыхьэт техъуэ тхьапэр.

♦1918 гъэм кьащтащ ягъэлІыщІэ лэжьакІуэбзм къащхьэщыжьи, абыхэм я хуитынныгъэхэр кьыщыгъэлъэгъуэ декларацэр.

♦1919 гъэм Деникиным и дзэхэм Налшык ябыдащ.

♦1924 гъэм Шамони (Франджы) къыщызэІуахащ I ЩІымахуэ Олимп джэгуэр. Лыжэкіэ лъагапІэм кьелъэн, лыжэкІэ, лыжрыжкІэ къызэдэжэн, кёрлинг, бобслей спорт лІэужьыгъуэхэр олимп зэхьэзэхуэхэм хагъэхьэри, ятпэу зэпеуэхэри абы щекІуэкІауэ щытащ.

♦1936 гъэм Стахановым и лэжьэкІэм теуха гупшхуэ лъакъуэрыгъажэкІэ Налшык щекІуэащ.

♦1943 гъэм Воронеж къалэр нэмыцІу фашист зэрыпхъуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

♦Узыншагъэр хъумэныкІэ Іуэхущапіэхэр Адыгейм къыщыдзэгъэпэщыным и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ, УФ-м щыхь зиІэ и дохутыр **Бэч Мэлэчхъан** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Совет, куржы политик, къэрал лэжьакІуэ, 1995 - 2003 гъэхэм Куржым и президенту щыта **Шеварднадзе Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Сабий усакІуэ **Щоджэн Асльэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет фигурист, СССР-м щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Жук Станислав** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, композитор, уэрэджыІакІуэ, актёр цІэрыІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Высоцкий Владимир** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Безыр Чэмал** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪМУ-м и профессор **ГъукІэжь Владимир** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, композитор, УФ-м и цІыхубз артист **Добрынин Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, КЪБР-м егъэджыгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щад Азджэрий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, каскадёр, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист **Ростоцкий Андрей** къызэралъхурэ илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэс тІэкІу къыщесынущ. ЩІылэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

Щ1ышылэм и 26, *мэрем*

♦Таможенникым и дунейпсо махуэщ

♦Латвиэ Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦Индие Республикэм и махуэщ. 1950 гъэм а къэралыр щхьэхуит хъуауэ, Инджылызым и колониеу илъэс 200-кІэ щыта нэужь.

♦Австралием и махуэщ

♦1525 гъэм Урысейм и щыналъэм и ятэ картэр къыдэкІащ.

♦1788 гъэм Австралием и кьалэ нэхъ инжэм ящыщ Сидней и лъабжьэр ягъэтІылъащ Европэм икІыу а щІыпІэм ятэу Іэпхъуахэм. Дэтхэнэ зы адэгъэри дызыщыгуфІыкІа хъыбар къиІуэкІауэ щытащ а кьалэм 2000 гъэм. Абы олимп чемпион щыхъуат ди зэрыкІуэ лъэщ Кьардэн Мурат.

♦1871 гъэм Урысейм и цІыхубзхэр хуит ящащ къэралым кьулыкъуэхэм пэрытыну.

♦1871 гъэм Рим Италием и кьалащхьэ хъуащ.

♦1905 гъэм Африкэ Ипщэм кьыщагъэтащ дунейм щынэхъ ин дыдэ налмэсыр.

♦1924 гъэм Советхэм я етІуанэ съездым и унафэкІэ Петроград кьалэм и цІэр Ленинграду зэрахъуэкІащ.

♦1943 гъэм Кемеровэ областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1944 гъэм КЪБР-м Аруан къыщыдзэрагъэпэщащ.

♦1956 гъэм Италием щыщ Кортинэ д'Ампеццэ кьалэ щІыкІум кьыщызэІуахащ VII ЩІымахуэ Олимп джэгуэр.

♦Совет кинорежиссёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артист, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, «Освобождение», «Битва за Москву», «Сталинград» фильм цІэрыІуэхэр тезыха **Озеров Юрий** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Японием щыщ хъэрычэтыщІэ, Sony компание цІэрыІуэм и къызэрэпэщащкІуэ **Моритэ Акио** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪУ-м и профессор, КЪБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Тау Хьэзешэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артисткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Тхыдэдж, здэщыкІакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и кьудамэм и унафэщІ **Мэлбахьуэ Къэралбий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Канадэм щыщ хоккеист, дунейм щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ спортсменхэм хабжэ **Гретцки Уэйн** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэс тІэкІу кьыщесынущ. ЩІылэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нысашэшхуэри нысашэщ, нысашэ цІыкІури нысашэщ.

Ипщэ дзэ округым

Гъэсакіуэхэр альпинист Іэмэпсымэхэми хуэІэижьщ

ХъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм къызэратамкІэ, Ипщэ дзэ округым и тІасхъэщІэх гупхэр Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэхуос.

БГЫХЭМ кьыщыкІухьыныкІэ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр хъыщІэзэнэкІыныкІэ щыІэ Іэмалхэм щыхурагъаджэ «Терскол» центрым мы махуэхэм щызэхуэзэнущ Ипщэ дзэ округым и тІасхъэщІэх гупхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ.

Зи Іэщ1агъэм хуэІэижь Іэщ1агъэлІэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ и Іэгъуэблагъэм тхьэмахуитІым къриубыдэу щрагъэкІуэкІынущ къуршыпс уэрэхмрэ узыщыхуэзэ лъэпощхьэпо ізэхъ шынагъуэхэмрэ къызэзэкІыныкІэ альпинист Іэмэпсымэхэр къызэрыщыгъэсэбэпыпхъэм щыхурагъасэ зГъэджэныгъэхэр.

Іэщ1агъэлІэхэм хэхъэ зытрагъэщІэнур гугъуехьхэм ятпэтъэщыным дзэлІхэр узыншагъэ и лъэныкъуэкІэ зэрыцухьэзырырмрэ я Іэпкъльэпкъым и жанагъым щыпсэу.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм дыгъэгъаазэм и 28-м Налшык къалэ №234-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 17-м къыдигъэкІа унафэ №256-ПП-мкІэ кІыщтам, мы унафэм и гуздэзным кІыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий.

2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм пщІэншэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щетынымкІэ Къэрал шэсыпІэхэм я программэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм дыгъэгъаазэм и 29-м Налшык къалэ №244-ПП

Урысей Федерацэм и цІыхухэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм (адэкІэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу цІыхухэм) пщІэншэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ къратынымкІэ ялэ конституцІэ хуитныгъэхэр къызэгъэпэщын мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

1. 2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм пщІэншэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щетынымкІэ Къэрал шэсыпІэхэм я программэму мы унафэм щыгъур къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къалэн щыщІын узыфэхэр къэмыгъэхъуным теухуа профилактикэ лэжьыгъэхэр зэпымыууэ иригъэкІуэкІыну икІи цІыхухэм ират медицинэ дэІэпыкъуныгъэр иригъэфІакІуэну.

3. ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани ІэнатІэм и ахъшэр зыхуахаха мурадхэм ятещІыхьауэ къызэрагъэсэбэным кІэлъыплъыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэу страховани хуибыдахэм я хуитныгъэхэр хъумэныр къызэрагъэпэщыну.

4. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий.

● Щапхъэ

Къодаіуэ икІи узэхех

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитраж судым и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьащ Шапкинэ Любовь. А къулыкъум тетыху Любовь тІэунейрэ кьратащ УФ-м и Арбитраж суд нэхъыщхьэм и унафэщІым и щІыхь тхылъ. УФ-м и Президентым и Унафэкіэ 2005 гъэм Шапкинэм «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и юрист» щІэ лъапІэр къыфІащащ.

АРБИТРАЖ судым мыхьэнэшхуэ щрат Урысейм. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, УФ-м и щІыналъэхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм я органхэм, къулыкъущІэхэм, хьэрычэтыщІэхэм я хуитныгъэхэр кІыхьэпадамэ, хэпльэр Арбитраж судращ. КІэщІу мы пРоцессым, къэралым и экономикэмрэ зыужьыныгъэмрэ я хъумакІуэщ.

Дауи, юрист унагъуэм щалъхуа, щапІа Любовь нэгъуэщІ Іэщіагъэм егупсысакъым. Абы и адаР хеящІэт, и анэр Налшык и Октябрь район судым и унафэщІт. Курыт еджапІэр кьиуха нэужь, Любовь щІэтІысхьащ Ростов дэт къэрал университетым. ЕкъулІэныгъэфІэр къигъэлъагъуэу еджапІэр кьиухри, Любо щалъхуа щІыналъэм кьиГъэзэжащ икІи Ленин районым и прокуратурэм юристу лэжьэн щыщІидзащ. Пщащэм ар хуабжьу кьехьэлъэкІырт, щІэпхъаджагъэ хьэлъэ, гузэвэгъуэшхуэ, насыпыншагъэ куэдым хэплъэн уэрэл хъурти, ауэ Шапкинэр и кьалэнхэм фІыуэ пэлъэщырт, жэуаплныгъэ хэлъти. Юрист Іэзэу и щІэныгъэр ирикъурт. А лэжьыгъэм щІэщыгъуэу сыт Шапкинэм хилъьаьр жыпІэмэ, судым ищІ унафэм, ар зэрагъэзащІэм, дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырым, КЪР-м и Арбитраж судым и лэжьэкІэр Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Федерацэмрэ я Арбитраж судхэм лъэщІэгъэхьэным елэжьащ. КъищынэмыщІауэ, хеящІэхэмрэ абыхэм я дэІэпыкъуэгъуэмрэ я зэІуцІэхэр щІэх-щІэхыуэ кьызэригъэпэщащ. Абы щыщэрыгъэхэр суд унафэр щІапкинэм хилъьаьр жыпІэмэ, судым ищІ унафэм, ар зэрагъэзащІэм, дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырым, КЪР-м и Арбитраж судым и лэжьэкІэр Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Федерацэмрэ я Арбитраж судхэм лъэщІэгъэхьэным елэжьащ. КъищынэмыщІауэ, хеящІэхэмрэ абыхэм я дэІэпыкъуэгъуэмрэ я зэІуцІэхэр щІэх-щІэхыуэ кьызэригъэпэщащ. Абы щыщэрыгъэхэр суд унафэр щІапкинэм хилъьаьр жыпІэмэ, судым ищІ унафэм, ар зэрагъэзащІэм, дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырым, УФ-м и Президентым и унафэкІэ Шапкинэр 2000 гъэм Арбитраж судым и унафэщІ ящІащ. А къулыкъум хуэхьэзырт Любовь - судыр зэрекІуэкІым кІэлъыплъу, щапхъэ зытрихьн унафэщІхэм я къуэдзэу, дэІэпыкъуэгъуэ къэгъуэгурыкІуати, псоми хищІыкІырт, и щІэныгъэр хурикъурт. А лэжьыгъэм щІэщыгъуэу сыт Ш

● ДифІ догъэлъапІэ

Зи зэфІэкІхэр лъагэ Щыхьмырзэ Мухьэмэд

Лъэпкъ щІэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа, абы и къэкІуэнум псэ хьэлэлкІэ хуэлажьэ лъэпкъ Іэщіагъэлі пажэхэм, щІэрыІуэхэм ящыщщ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и президент биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Щыхьмырзэ Мухьэмэд Музэчыр и къуэр. ЗэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ а лэжьакІуэ емызэшым иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм пщІэ инрэ гулъытэ лъагэрэ щагъуэт щІэныгъэ дунейм. УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и арэзыныгъэ хэлъ, абыхэм ящыщ куэд ди щыналъэм и мэкъумэш Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьыгъэм и лъабжьэ къащтащ. ЗыІэригъэхьа апхуэдэ екъулІэныгъэ лъагэхэм щІэныгъэлІым кьыхуахьащ щыхь лъагэрэ пщІэшхуэрэ.

ЩЫХЬМЫРЗЭ Мухьэмэд Аруан районым хьыхьэ Псыгуэнэу къуажэм къыщалъхуащ 1953 гъэм щІыШылэм и 24-м. ЩІэныгъэм пщІэ щыхуащІ, абы и мыхьэнэр лъагэу щалэт егъэджакІуэ унагъуэ дахэщ Мухьэмэд къыщыхъуар. Кўуажэм дзт курыт школым екъулІэныгъэ иІэу щеджащ ар. 1970 гъэм Мухьэмэд щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым икІи илъэситіу дэкІри, 1975 гъэм, диплом «плъыжькІэ» ар кьиухащ. «Ветеринар» Іэщіагъэмкіэ щІэныгъэ хэзыщІыкъэ зэзыгъэгъуэта щІалэщІэм щалъхуа жылэм кьигъэзэжащ икІи Гъэзугуокъуэм и цІэр зэрихьэу абы щыізэхэт колхозым дохутыр-эпизоотологыу лэжьэн щыщІидзащ. А лъэхъэнэм абы пищащ студент илъэсхэм дзэзыкъэхуэ щыта къэхутэныгъэхэм. Ахэр екъэлІат унагъуэхэм я псэущхьэхэр уз зэрыщІалэхэм ящыхьумэным пыща Іэзхуэхэм.

Іэщіагъэлі щІалэм иригъэкІуэкІ апхуэдэ лэжьыгъэхэр ящІыщІы хъуащ: ахэр хьэлэмэт ящыхъуащ Скрябиным и цІэр зэрихьэу Москва дэт, Гельминтологиемкіэ Союзэпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и Іэщіагъэлікэм. 1977 гъэм Мухьэмэд щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщІэу ягъэблэгъащ профессор цІэрыІуэ Панасюк эн унафэщІу институтым щыІэ лабораторэм. ЩІэныгъэм хуэнэхьуеиншэ Іэщіагъэлі щІалэм мурад ищІащ и Іэщіагъэмкіэ иІэ зэфІэкІхэм нэхъри хигъэхъуэну икІи зы илъэс нэхъ дэмыкІыу ар щІэтІысхьащ институтым и аспирантурэм. 1981 гъэм Щыхьмырзэм игъэхьэзыращ и кандидат лэжьыгъэр икІи ар екъулІэныгъэ иІэу пхигъэкІащ. ЗэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъу гу зылъата щІэныгъэлІ ныбжьыщІэр, СССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ ягъэуващ Бдзэжьейхэм капкърыхьэ узыфэ зэрыцІалэхэм земыгъэубгъуным кІэзэралпсо экспедицэм и унафэщІым и къуэдзэу.

- Мыхьэнэшхуэ зиІэ лжьыгъэ купщІафІэ къезыхьэлІауэ щыта а щІэныгъэ зекІуэ иным ухэтыну хуабжьу хьэлэмэтт. Дэ ди кьалэнт бдзэжьейхэр узыфэ зэрыщІалэхэм ящыхьумэным хуэунэтІауэ къэралым и Іэщіагъэліхэм ирагъэкІуэкІ диагностикэ къэхутэныгъэхэм щІэныгъэ-методикэ лъабжьэ едгъэгъуэтыныр, сыткІи дзэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу дахуэхъуныр, - игу кьеГъэкІыж Мухьэмэд. - А лъэхъэнэм псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ ягъуэтауэ щытащ щІыналъэ ветеринар лабораторэхэм я унэтІыныгъэмкІэ ирагъэкІуэкІ лжьыгъэхэр тэмэму зэтеублэнэм. Бдзэжьейхэм епха къэхутэныгъэхэм сыдахьэхауэ щытащ абы щыгъуэ.

Экспедицэм хэту апхуэдэ лэжьыгъэфІ кърихьэлІауэ, илъэс зыбжанэ дэкІри, Щыхьмырзэм щІэныгъэм зритыжащ. Ар япэщІыкІэ щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьу, иужькІэ лабораторэм и унафэщІу, Іэхэущ Іапіэм и щІэныгъэ секретару къащтащ СССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм Бдзэжьей гъэхъынымкІэ и институтым. Илъэс зыбжанэкІэ иригъэкІуэкІауэ щыта къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу, Мухьэмэд 1994 гъэм утыку кърихьащ и доктор диссертацэр. Ветеринар санитариемкІэ, гигиенэмрэ экологиемкІэ союзэпсо щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым екъулІэныгъэ ин щиІэу щыпхигъэкІащ абы и лэжьыгъэщІэр икІи «биологие щІэныгъэхэм я доктор» цІэ лъагэр къыдІащащ. А илъэс дыдэм Москва къыщыдэкІауэ щытащ абы и щІэныгъэ къэхутэныгъэщІэхэр зэрыт тхылъ купщІафІэхэр. Бдзэжьей гъэхъунымкІэ абыхэм ярыт чэнджэщ щхьэпэхэр, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ, куууэ кьыщагъэсэбэп Къэбэрдей-Балъкъэрым, Москва, Воронеж областхэм а уиэтІыныгъэмкІэ щыІэ Іуэхущ Іапіэхэм. Щыхьмырзэм и минister твэм и жэрдэмкІэ, куууэ кьыщагъэсэбэп Къэбэрдей-Балъкъэрым, Москва, Воронеж областхэм а уиэтІыныгъэмкІэ щыІэ Іуэхущ Іапіэхэм нитратрэ нитрину хэлъыр зыхуэдизыр кьызэрахутэ методикэр. Ар жыджэру хэлэжьыхьащ «Урысей АПК-м и цеолитхэр» монографиер гъэхъэзырыным икІи кьыдэгъэкІыным.

Бгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэмрэ щІэныгъэ-методикэ и лъэныкъуэкІэ лэжьигъэм и пІалъэ зэрищІэмрэ я фІыгъэкІэ 1995 гъэм Щыхьмырзэм хуЛъэкІащ Бдзэжьей гъэхъунымкІэ федеральнэ селекционно-генетикэ центрым и къудамэ ди республикэм кьыщызэІуихыну. ТегъэщІапІэ хъуат бдзэжьей кьуэлэн (форель) лъэпкъыр ІэрыщІу гъэбзэгъэным епхауэ щІэныгъэлІым кьихуэта биотехнологиещІэхэр. Абы щыгъуэ лъабжьэ зыгъуэта Іуэхум, зэман дэкІри, Щыхьмырзэм зригъэужьащ «Кавказ Ищхъэрэм бдзэжьей гъэхъун Іэнатіэр зэрыгъэфІэкІуэныр» проектым ипкъ иткІэ. А проектымкІэ иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу щІэныгъэлІым кьыдигъэкІауэ щытащ «КъБР-м и бдзэжьей лІэужьыгъуэхэр» тхылъ гъэхъэныр.

Адыгэ щІалэм и кьэхуэтэныгъэ купщІафІэхэр, мэкъумэш Іэнатіэм и зыужьыныгъэм хуищІ хэхьэныгъэфІэхэр кьалъытэри, мэкъумэш академием (иджы университетым) и унафэщІхэм ар 1995 гъэм Налшык ирагъэблагъэжащ икІи еджапІэ нэхъыщхьэм и кафедрэхэм ящыщ зым и унафэщІу ягъэуващ. А кьулыкъур илъэс зыбгъэнэкІэ зэриихьащ Мухьэмэд, дзыхь кьыхуащІа пэжьыгъэр иригъэфІакІуэу, екъулІэныгъэхэр зыІэригъэхьэу. ЩІэныгъэлІым иІэ зэфІэкІымрэ гудзакъэмрэ я фІыгъэкІэ а кафедрэм зэман кІэщІым къриубыдэу зиужьауэ, ар и лъабжьэу факультет щхьэхуи кьыззрагъэпэщауэ щытащ. Еджапіэ нэхъыщхьэм и гъащІэм жыджэру, и кьаруи и зэманм щымыхьхэу зэІэпэныгъэлІ щыпхьэм, егъэджакІуэ Іэзэм, лэжьыгъэм и кьэзэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэм 2000 гъэм дзыхь лъагэ кьыхуащІащ: абы хуагъэфэщащ академием щІэныгъэ Іуэхущхьэкіэ и проректор кьулыкъур.

Еджапіэ нэхъыщхьэм щекІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр къэгъэщІэрэщІэжьыныкІэ, абы щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр, студентхэр жыджэру кьыхэщІнымкІэ Іуэхугъуэщхьэхэр зэфІигъэкІащ Щыхьмырзэм. «Эколог» студент клубым, «Ихтиолог» щІэныгъэ зэгухьэныгъэм я пашэу щыту, абы нэхъри иригъэфІэкІауэ университетым иІэ пыщІэныгъэхэр, щекІуэкІ къэхутэныгъэхэр. Абы и студентхэр, аспирантхэр, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр ирагъэблагъэ къэралпсо, дунейпсо зэхуэсхэм, абыхэм я утыкуэхуэхэм я епІыкІэхэр щІалъатэ, проектыщІэхэр щагъэлъагъуэ. Еджапіэ нэхъыщхьэм профессору, щІэныгъэхэм я докторрэ кандидату щылажьэ Іэщіагъэлікэм я бжыгъэр нэхъыбэщ къэралым и апхуэдэ мэкъумэш Іэнатіэ Іуэхум щыІэхэм нэхърэ. Абы щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщекІуэкІым и щыхьэтщ блэкІа илъэс жанэкІэ иригъэкІуэкІауэ щыта къэхутэныгъэщІэхэм я патенту пщІы бжыгъэхэр абы и Іэщіагъэлікэм къызэрыхуагъэфащаг. А псоми кьадэкІуэу Мухьэмэд еджапІэм щІэх-щІэхыурэ кьыщызэрегъэпэщ икІи екъулІэныгъэ иІэу щрегъэкІуэкІ щІэныгъэ-практикэ, щІэныгъэ-методикэ конференцхэр, симпозиумхэр, семинархэр. А зэхьхьэхэм щытопсэлъыхь кьэхутэныгъэ купщІафІэхэм, ахэр мэкъумэш Іэнатіэм кьызэрыщагъэсэбэп хъуну щыкІэхэм. ЩІэныгъэ лэжьыгъэу 200-м нэс, монографиеу 7, зэреджэ пособиехэмрэ щІэныгъэ-методикэ чэнджэщхэр зэрыт тхылъхэмрэ зи кьалэмыпэм кьыпыкІа ЩІыхьмырзэм къудрэ хуит кьыхуащІ апхуэдэ зэхуэсышхуэхэм я къэпсэлъапІэр. Ар ящыщІ зи щІэныгъэ псалъэм кІуэ щІэдэІуэхэм, зи Іуэху зехьэкІэр щапхъэу кьалъытэхэм.

Мухьэмэд КъБКъМУ-м и ректору 2013 гъэм щыхаха лъэхъэнэр езыми нэгъуэщІ куэдым я дежкІи хьэлъэт. Псом япэрауэ, жылагъуэм пщІэшхуэ щызиІа, зи щІэныгъэкІи щІыхуигъэкІи дапщэщи пэрыт унафэщІым, кьуэш пэлъытэу уигъэ, гуузу дунейм ехьажа ин ныбжьыгъу пэж Жэрыкъуэ Борис и ужькІэ а кьулыкъум упэрыувэныр тынштэкъым. Апхуэдэуи еджапІэ нэхъыщхьэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр щграгъэкІуэкІ, ахэр кьэрал кьэпщытэныгъэ тКІийм щыщІагъэува илъэст ар. «Университет» цІэ лъагэр зыхуагъэфащауа еджапІэр зыужьыныгъэм, еФІэкІуэныгъэм ухуэзышэ лъагъуэщІэхэм тёшэн хуейт...

Зэманым кьыхуигъэува кьалэн кьызэрымыкІуэхэм кьызыхуэтыншэу япэлъэщащ абы щыгъуэ Щыхьмырзэр. 2013 гъэм КъБКъАУ-м кьыпэщылъа лэжьыгъэ псоми я нэхъыщхьэт еджапІэр егъэфІэкІуэныкІэ кьащтауэ щыта «КъБР-м и бдзэжьей лІэужьыгъуэхэр» тхылъ купщІафІэхэр. Урысей Федерацэм и еджапІэ я хъыщхьэхэм я лэжьыгъэр кьэзыпщытэ хэрат комиссэ хэхам 2013 гъэм и дыгъэгъаззм иригъэкІуэкІа зэІущІэм щыжаат Программэм кьыщыгъэлъэгъуа унэтІныныгъэ нэхъыщхьи 6-м ящыщу 5-м ди университетыр зэрыпэлъэщащкІэр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий 2014 гъэм и мазаем кьыдигъэкІа указым ипкъ иткІэ, Щыхьмырзэ Мухьэмэд ягъэуваУэ щытащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр. Абы щыгъуэми Іэщіагъэлім зыкьигъэлъэгъуащ зэфІэкІ лъагэ, щІэныгъэ куу зиІэу, кьызэгъэпэщакІуэ ахьырзэманэу зэрыщытыр. КъыкІэлъыкІуэу Щыхьмырзэр лэжьащ КъБР-м ВетеринариемкІэ и къэрал управленэм и унафэщІу. А кьулыкъым ар пэрытащ илъэсиТым щІиГъукІэ. УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачёв Александр 2017 гъэм и гъатхэпэм кьыдигъэкІа унафэм тету, профессор Щыхьмырзэ Мухьэмэд Музэчыр и къуэр ягъэуващ КІуэкІуэ Валерий и цІэр зезыхьэ КъБКъМУ-м и президенту.

Еджапіэ нэхъыщхьэм щрагъэкІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм я фІагъыр нэхъри кьэІэтыныкІэ Іуэхугъуэ купщІафІэхэм дапщэщи я жэрдэмщІакІуэ щІэныгъэлІыр жыджэру хьыхьэжащ кьыщыхэкІа гуп зэкъуэтым. КъБКъМУ-м мы зэманым и ректор Апажэ Асльэни абы и президент Щыхьмырзэ Мухьэмэди гулъытэшхуэ хуащІ университетым пЭныкъуэ кьэдкІэ зегъэужьыным. Кьапщтэмэ, иджы абы щагъэхьэзырыр мэкъумэш хозяйствэм и Іэщіагъэлікэм я закъуэкъым, атІэ республикэр зыхуей лэжьакІуэ Іэщіагъэхэми щыхуагъаджэ. Апхуэдэу абы и Іэщіагъэлікэм, профессорэм, щІэныгъэлІхэм, щІэныгъэлІхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм хагъэхъуэнми йолІалІэ. Щыхьмырзэм зэрыжиІэмкІэ, лжьыгъэм гудзакъэ хузиІэ егъэджакІуэм и студентри апхуэдэ дыдэу еджэным хущытынущ, щІэныгъэфІ зэригъуэтыным хущІэкъуэнущ.

А унэтІныныгъэхэмкІэ зыхуагъэувыжа мурадхэм ехъулІэныгъэфІхэр яІэу полъэщ еджапІэм и унафэщІхэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, щІэныгъэ лъагэ зыбгъэдэлъ ди гъэсэнхэм лэжьапІэ Іэнатіэ ягъуэтыным, ди республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуащІу ар ирахьэкІыным кІэлъоплъ.

БлэкІа илъэсым кьриубыдэу университетым зыужьыныгъэ нэрылъагъу игъуэтащ. Абы еджапІэ пэшхэр зыхуей хуагъэзэжащ, лабораторэхэр зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэрагъэпэщащ. КъБКъАУ-м и еджапІэ-производственнэ Іэнатіэм унагъуэ псэущхьэхэм ящыщ куэд кьищэхуащи, иджы студентхэм я нэхъыбапІэм я практикэ лэжьыгъэр абы щокІуэкІ. КьинэмыщІауэ, егъэджэныгъэм и лъабжьэ яІащ инновацэ технологиехэр, мэкъумэш щІэныгъэм дуней псом щигъуэт зыужьыныгъэм студентхэр ешэлІа хъун папщІэ. Щэч хэмылъу, университетым зыужьыныгъэ, абы и студентхэм щІэныгъэ лъагэ ягъуэтыным и гуащІэшхуэ ирахьэлІэ абы и пашэхэм. Гумызагъэу, жэуапІныгъэр зыхащІэу зи кьалэнхэр езыхьэкІ унафэщІэхэр щапхъэфІ яхуохъу университетым и Іэщіагъэлікэм абы щеджэ щІалэгъуалэми.

Сыт щыгъуи хуэдэу, щІэныгъэкъэхутэныгъэ лжьыгъэм ноби жыджэру хэтщ Мухьэмэд. Зи кьэхутэныгъэ купщІафІэхэр ди щІыпІэми нэгъуэщІ щІыналъэхэми шэщІауэ кьыщагъэсэбэп щІэныгъэлІыр еш имыщІэу йолэжь мэкъумэш Іэнатіэм а и унэтІныныгъэм ди республикэм нэхъри зыщІегъэужьыжыным, щІалэгъуалэр абы дегъэзхьэхыным. Щыхьмырзэр щІэчэ имыІэу ядолажьэ щІэныгъэм кьыхьыхьагъащІэхэм. Япэми хуэдэу, абы и унафэм щІэту игъэхьэзыр щІэныгъэ диссертацэ зэмылІэужьыкьуэхэр.

Бгъэдэлъ зэфІэкІ лъагэхэм папщІэ Щыхьмырзэ Мухьэмэд кьыфІащащ «Урысей Федерацэм щІыхуэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъэзытынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэхэр. Мэкъумэш щІэныгъэмкІэ дунейпсо академием и академикщ Щыхьмырзэр. Абы мызэ-мытІуэ кьыхуагъэфэщащ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и Правительствэм, Парламентым къабгъельдэкІ къэ-рал дамыгъэ лъапІэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр. Ар хэтщ КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щылажьэ Жылагъуэ палатэм. Си псалъэмрэ зи ІуэхущІафэхэмрэ тебгъуэтэж щІэныгъэлІым апхуэдэу пщІэшхуэ кьыхуащІ кьыдалажьэ-хэми иригъажэ студентхэми.

ЩІэныгъэлІ щІыпкъэм и щІыбагъ кьыдэтщ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ унагъуэ дахи. Мухьэмэд и щхьэгъусэ Светланэ бзылъхугъэ щІыпкъэщ, и Іэщіагъэкіэ банк лэжьакІуэщ. Зэщхьэгъусэхэм щІалищ зэдапІащ. Алими, Залыми, Ахьмэди унагъуэу ягъэтІысыжащ нэхъыжьхэм, щІэныгъэрэ Іэщіагъэрэ иратри. Я адэм хуэдэу, ахэри дахьэх щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм. Щыми екъулІэныгъэкІэ пхагъэкІащ я кандидат диссертацэхэр.

КъэхутэныгъэщІэхэр зи плъапІэ, мурадыфІэхэр зи куэд Щыхьмырзэ Мухьэмэд и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 65-рэ ирокъу. КъБКъМУ-м и президентым, щІэныгъэлІ щыпкъэм, лъэпкъылІ пажэхэм ящыщым дохъуэхъу и махуэшхуэмкІэ. Узыншэу, и гугъэхэмрэ гъащІэмрэ зэтехуэу, унагъуэ насып щымыщІэу псэуну, республикэр, къэралыр ипэкІэ зыгъэкІуэтэн лэжьыгъэ купщІафІэ куэд и кьалэмыпэм иджыри кьыпыкІыну, гъунэ зимыІэ щІэныгъэ лъагэм и щыгум иджыри зэфІэкІ куэд кьыщигъэлъэгъуэну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэхъугъэм и тыгъэ щэху

Усакіуэ, уэрэдус, актёр цІэрыІуэ Высоцкий Владимир къызэралъхурэ нобэ илъэс 80 ирокъу



Зытшыіэ пэтми, адэкІэ ди бзэгупэм къоІэ: «Мыпсэун папщІэ къызэралъхурэ...» Пэжщ ар... Высоцкий Владимир илъэс 34-кІэ ихьа псэ тезырыр Іэтыгъуеиущхэм ящыщт. Апхуэдэ псэ-Іыхьэ зэуэпскІахэр дуней тафэм гъэущауэ пІалъэ кІэщІкІэ къыпотуфэразэ; лъэпощхьэпохэр я натІэу къызэдкІуам щохъэщІэри, къызыхэкІа къэхъугъэм вагъэуз сахуэу хокІуэсэж...

Апхуэдэхэм «къэхъукъащІэ» яхужыпІэнри нэхъ къозэгъ, сыту жьпІэмэ, цІыхум (цІыху къызэрыгуокІым) апхуэдэ Іыхьэ уафэм къыІэщІилъхьэу, апхуэдэ къэдыи къыгурилъхьэж хабзэкъым! ...Хэт зыщІэр кьэхъугъэм и и щхэур? Хьэкъыр - Владимир сыт щыгъуи зэрыщІыгъунурщ - уэрэду, макъамэу, усыгъэу, Іуплъэгъуэу!

Высоцкэм зэпымэтыщэу кьехъулІа уэрэдхэр ди япэкІэ зэзыдзэкІа гуэр щыІэми тщІэркъым. Пэжращи, усакІуэм и Іэдакъэ къыщІэкІахэм я закъуэтІакъуэхэхэрщ адыгэбзэм (уи фІэщу уелэжьми) къизэгъэнур. Ауэ щыхъукІи, шэчыншэу, псоми фІыуэ ялъэгъуа уэрэдхэм ящыщ гуэр Высоцкий Владимир къимыпсэуа и юбилеим «адыгэбзэкІэ щыдгъэпсэлъэну» ди нэ кьокІ.

КЪАРМЭ Іэсият.

ВЫСОЦКИЙ Владимир

Къэлъахэ зэхэтхэр

Къэлъахэ зэхэтхэм щыхасэркъым жор,
Фызабэхэр зэи щымыпыхьэ -
Зыгуэрхэм а къэащхьэм тралъхьэ епэр,
Щагъаблэ уахътыншэу мафІащхьэ.

Зырисэрт зэгуэрым щІы тхъуам
и щхьэфэц.
Иджы - мывэ пхъэбгъуу джафащэщ.
Мы щІыпІэм щымыІэ лъэныкъуэгъэз -
Зы Іыхьэ - зы гъащІэ - зы лъабжьэщ.

МафІащхьэ уахътыншэм къыхопс:
танк ныкъуэс,
МафІэсым илыпщІ мамыр лъахэ,
Яжьалъэу рейхстаг, гууз сахуэу
Смоленск,
Исыж зауэлІ хейм и псэ хахуэ.

Къэлъахэм щыплъагъукъым
фызабэ гъырнэІу -
Мыбы кьакІуэ цІыхуэхэр нэпсыншэщ,
Къэлъахэ зэхэтхэм щымыІэ жор пэкІу...
Арщхьэкіэ... яхь гуауэр яхъ тынш-тІэ?

Шы емылыджхэр

Шым и джабэр щІопщкІэ зэпыслъащІэу,
ЩыхупІэ Іупщакіэм сыдокІуэкІ -
Жьым соІубри - хьэуар сІэщІэмащІэу,
Сихьэурэ жагъын, сокІуэд. Хьэйм сокІ!

Севмыхьэжьэт, сишхэ, севмыхьэжьэт!
ЗэщІэплъа щІопщ тхьэмпэм зыдэвмыщІ!
Шы къысІэрыхьахэр сытуи хъыжьэт -
Е псэуам сыщымыщ, си уэрэдри зэпощ.

Шыхэр псы езгъэфэнт,
си едзыгъуэр жысІэнт -
Мы щыхупІэм и нэз
зы дакъикъэ щисхынт...

Дынэсынщ. Тхьэм деж хэт
къыкІэрыхурэ, -
МелыІычхэр губжьауэ мэгие.
Е, зэщыджэрэ тхьэгъуш щІыкІухэр,
Срахьэжьэрэ шым - сатокІие.

Севмыхьэжьэт, шыхэ, севмыхьэжьэт!
Сынолъаіуэ: зивмыч фыщІэлъэту.
Шы къысІэрыхьахэр сыту псынщІэт -
КъэзмыгъэщІри Іуэхут?
- СыгъэшэщІт зы уэрэд!

Шыхэр псы езгъэфэнт,
си едзыгъуэр жысІэнт,
Мы щыхупІэм и нэз
зы дакъикъэ щисхынт...

ЩІым и уэрэд

Хэт жызыІэр щыІъэр исыжауэ,
Вагъэм зэи Іумыкуэжьну жьлэ?
Хэт жызыІэр щыІпсэр еээшауэ?
Хьэуэ... Зиудыгъуауэ щІыр къыптоплъэ.

Анэм и кьалэн егъэври щІым,
Къуимытын - къэплъэщІми тенджыз
лъащІэ,
Исыжауэ хэт и фІэщ ар хъун?
Хьэуэ... Гуауэм ар щохъуэкІ фІыщІащэ.

ЩІытІ ныкъуэсхэм бзыпхъэу зашэщІауэ,
Мащэ куутІхэм ящІ дзэпытІ-жьлэгъэ.
ЩІым и псантхэм узу зигъэшауэ,
Гурыгъу лысу зрешэкІ гуІэгъуэ.

ЩІым зэи «ныкъуэдыкъуэкІэ» фемыщІ!
Ар бэшэчщ, хэмыщІ и шыІэнигъэ.
Хэт щІым хужьыІэр: «ЩІапІэ нэщІщ,
Уэрэдыжь щыІужьыркъым дахащэу!»

Хьэуэ! ЩІым мэтхьэджэ и тхьэгъуш.
УІэгъэнэр зэлъэщІех мыджьлу.
Шырыкъу лъэгуи щыІъэм пэмыльэщ
ЩІыІъэр псоми дз эзхуэдэщ жьлэу.

ЖьзыІар хэт щІыр илыпщІыжауэ?!
Хьэуэ... Ар къыптоплъэ зиущэхуауэ.

Зауэлі, тхакіуэ, журналист

● ТхылъыщІэ

Налшык къалэ дэт «Печатный двор» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ «Борис Черемисин: воин, журналист, писатель» тхылъыр. Ар иригъэхьэлІащ Черемисиныр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум.

КъБР-м щыхь зиІэ и журналист, тхакІуэм ипхъу Черемисинэ Наталье иригъэхьэзыра къыдэкІыгъуэм тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд щызэхэзыхьэсащ. Илъэс 29-кІэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта Черемисин Борис техухуауэ щыІэ тхыгъэхэмрэ гукъэкІыжхэмрэ мащІэкъым.

Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта, лагъыимхэр къыщІэзых офицеру щыта Черемисиныр зауэ нэужьым ТАСС-м и корреспонденту Прагэ щыІащ, «Правда» газетым и корреспонденту Кавказ Ищхъэрэм щылажьащ, 1959 гъэм и бдзэгъаззэ мазэм щыщІэдзауэ 1988 гъэм пенсэм кІуэху «Кабардино-Балкарская правда» газетым и унафэщІу щытащ.

«Прессэр парт кІэлъыплъыныгъэм тКІийуэ щыщІэта илъэсхэм абы хуэзфІэкІащ республикэм щекІуэкІ гъащІэм ифІри и Іейри кьыщигъэльагъуэу газетым и лэжьыгъэр зэтриубгъэн. Лей къызытехьэ цІыху къызэрыгуокІым кьыщыхьэщыжыгъ, зи къалэныр тэмэму зымыгъэзащІэ къулыкъущІэхэри утыку кьрихьэрт. Ар щылажьа зэманым «Кабардино-Балкарская правда» газетым и тиражыр инт. Апхуэдэ щІэупщІэ щІиІэр абы щыгъуэ къыдэкІыгъуэ нэхъ мащІэ щыІэу зэрыщытаракъым, атІэ республикэ газетым Іэгъэныщхуэ ирахьэлІэу зэрагъэхьэзырырт. Черемисин Борис и лэжьакІуэхэм япиубыдырт газет жанрхэм я хабзэхэм темыкІыну, я гупсысэр шэщІауэ, гурыІуэгъуафІэу, зи гугъу ящІ Іуэхум и пэжыпІэр къагъэлъэгъуэфу щытыну», - итхащ тхакІуэ икІи журналист Терехов Игорь.

Тхылъым ихуащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакцэм и лэжьакІуэу щытахэм, политик цІэрыІуэхэм, республикэм и журналистхэм, тхакІуэхэм, Черемисинхэ я унагъуэр фІыуэ зыщІыхуу щытахэм я гукъэкІыж гъэщІэгъуэнхэр. Апхуэдэу абы кьыбгъэтэнущ езы Борис и Іэдакъэщхьэкі тхыгъэхэр, ипхъу Наталье и гукъэкІыжхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Илъэсыщ Iэм къытхуздихь хабзэщ Iэхэр

ПсэукIэр езыгъэфIэкIуэну унафэхэр

Илъэсыщ Iэм дытехьащ цIыхухэр зыщыгуфIыкIын, я щыIэкIэ-псэукIэр езыгъэфIэкIуэн унафэ зыбжанэм къару ягъуэтауэ. Абыхэм ящыщу цIыху нэхъыбэм яхуэгъэззам я гугъу тщIынщ.

ЯПЭРАУЭ, сабий етIуанэ зыгъэтам е зыпIыну къэзыщтам къэралым зэрызыщIигъакъуэм и пIалъэр 2021 гъэм и кIэ пщIондэ ягъэIэпхъуащ. Мы гъэм сом 453026-рэ хъунущ а ахъшэр.

ЕтIуанэрауэ, а ахъшэр иджы сабий садхэм, школ кIуэгъуэм зи ныбжь нэмысхэм зыщграгъэужь Iэхъущ Iапи Iэхэм ират хъунущ. Ар апхуэдэу щIащIар еджэн къимыуяху бын зыгъуэта е къыхиха Iэщ Iагъэмкl э и Iэ щIэныгъэр хэзыгъэхъуэну хуей анэм зи ныбжьыр илъэсищ иримыкъуар Iыэых уней сабий гъэсапIэм трагъэкIуэдэфын мыпIку и Iэн папщIщ. КъинэмыщIауэ, «анэ мыпIкъу» дяпэкIэ къагъэсэбэпыфынущ сабий ныкъуэдыкъуэхэр я узынишагъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ.

Ещанэрауэ, унагъуэ зухэмыщIа-хэм цIыху балигъыр псэуфынщхьэкIэ я нэхъ мащIэ дыдэу и Iэн хуей хэхъуэр унагъуэм исхэм я тегушауэ 1,5-м фIэмыкIмэ, сабий къэзыпхъуам е ипIыну къэзыщтам мазэ къэс иратын хуейщ сабийхэр я нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэу щIыналъэм щагъэбелджылам хуэдизу (къащтэр ипэ ита гъэм и етIуанэ мазищым щыIауэ щыта сом бжыгъэращ).

Мыхэр щIэуэ къыхыхьахэращ, адрейхэр зэрыщытауэ къонэж. Нэгъуэщ I у жыпIэмэ, «анэ мыпIкъумкIэ» уи псэупIэр ебгъэфIакIуэ, сабийхэм я щIэныгъэм тебгъэкIуадэ, анэм и пенсэм хэбгъэхъуэну хэпIхьэ хъунущ.

Иджыри зы хабзэщIэ. 2017 гъэм и кIэм къару игъуэтащ «О ежемесячных выплатах семьям, имеющим детей» Хабзэм. 2018 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ япэ сабий къызыхъуа унагъуэхэм мазэ къэс ахъшэ иратынущ я бын пажэм и ныбжьыр илъэсрэ ныкъуэрэ иригъухукIэ. Къэралыр мы пособиемкIэ зыдэIэпыкъунур унагъуэ хуэмыщIахэрщ, зи хэхъуэр упсэун щхьэкIэ я нэхъ мащIэу зыухуеинум (цIыху къэс къалъысу щIыналъэм щагъэбелджылам) хуэдэ зырэ ныкъуэм фIэмыкIмэщ.

Мыпхуэдэ ахъшэ иратынущ сабий зыпIыну къэзыхьхэми я нэIэ трагъэтыну къэзэщтхэмэ.

Сыт пщIэнр зэтIолъхуэныкъуэ къыпхэхъуамэ? Зым щхьэкIэ социальнэ Iэхъущ Iапи Iэм, адрейм щхьэкIэ Пенсэ фондым тхыльхэр щIыболъхьэ. МФЦ-хэм щIэлъщ къэралыр сабий къызыхъэхуа унагъуэхэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэр щыгъэбелджыла тхыльэ цIыкIуэхэр. Мыпхуэдэ Iэхъущ Iапи Iэхэм щылажьэ Iэщ IагъэлIэхэр хъэзырщ фи упщIэхэм жэуап къратыну.

УФ-м и хэгъэгухэм сом мелард 21,4-рэ къаIэрыхьэнущ 2018 гъэм япэ сабийр къызыхъэхуа унагъуэхэм иридэIэпыкъуну. Урысейм Пажьыгъэмкl э и министерствэм хуэгъэфэщауэ къызэрибжамкIэ, япэ сабийм и ахъшэ гъэкъэс иратынущ цIыху мин 340-м хуэдизым.

«Российская газета» газетым игъэхъэзыра таблицэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, сом минибгъум иримыкъум къыщыщIэдзауэ сом мин 22-м нэс сабий ахъшэу щIыналъэхэм щагъэбелджылащ (нэгъабэ и етIуанэ мазищым щыIам тещIыхьауэ). Къаплъэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым сабийм я нэхъ мащIэу текIуэдэнур сом 12778-уэ щытащ нэгъабэ и етIуанэ мазищым.

Унагъуэхэм нэгъуэщI гулъыти ягъуэтынущ мы гъэм. УФ-м и Правительствэм унафэ къищтащ, сабий зиIэ унагъуэхэм банкхэм ипотекэ щIыхьуэу къыхахьи теухуауэ къэралыр зэрадэIэпыкъунур щыгъэбелджылауэ. Федеральнэ бюджетым абы хухихьну ахъшэм щыхуэхэм Iэмал къарет процентых нэхъ щхьэщимытыкIыу илъэси 3 е илъэси 5 пIалъэкIэ щIыхуэ къищтэну. А процент мащIэм хиубыдэнур 2018 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 31-рэ пщIондэ етIуанэ, ещанэ сабийхэр къызыхуэхъунухэрщ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ нэхъыжьхэр зыщыгугъ хъунум.

Къэрал къулыкъущIэхэм зэрыжаIэмкIэ, мы гъэм пенсэм нэхъ псынщIэу хохъуэ инфляцэм нэхъ рэ. Пэжыщ, бжыгъэхэм я закъуэ ятепщIыхьмэ, ауэ мы гъэм хэхъэныр хэхъуауэ «страховая» жыхуаIэ пенсэр зэрыхъунур (ику иту къащтэри) сом мин 14-рэ сом 75-ц, пенсэм кIуауэ мыдлажьэжхэм - сом мин 14-рэ сом 329-рэ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, пенсэм кIуауэ лажьэхэм я пенсэм хагъэхъуэнукъым, ахэр я щхьэ ягъафIэу унэм щIэсыным и пIэкIэ лэжьапIэ щIэкIуэр пенсэр зэрымащIэр зэрыарар гурыIуэгъуэми.

Улахуэм теухуауэ. Лэжьапщ Iэм и нэхъ мащIэ дыдэр сом 9489-м нагъэсащ (нэгъабэ сом 7800-рэт зэрыхъур). 2019 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ улахуэм я нэхъ мащIэмрэ (МРОТ) упсэун щхьэкIэ я нэхъ мащIэу узыхуеинумрэ зэхуэдиз ящыну я мурадщ.

Мы гъэм я улахуэр процентти 4-кIэ хэхъуэнущ социальнэ Iэнатl эм, медико-социальнэ экспертизэм, Роспотребнадзорым и къудамэ щхьэхуэхэм щылажьэхэм, ветеранхэм, МЧС-м и къеГъэлакIуэхэм, нэгъуэщI кудэми. А Iуэхум бюджетым щыщу трагъэкIуэдэнущ сом мелард 22,2-рэ.

Президент Путин Владимир и «накъыгъэ» унафэхэр гъэзэщIэным пащэу, дохутырхэм, егъэджакIуэхэм, щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэм, ищхьэ еджапIэхэм щезыгъаджэхэм я улахуэр щIыналъэм ику иту къыщалэжьым хуэдизу хъунущ. ФинансхэмкIэ министр Силуанов Антон жиIащ щIышылэм и 1 нэужьым улахуэхэр процент 23-кIэ нэхъыбэ зэрыхъунур.

Узынишагъэм драгъэгугъунущ

Узынишагъэр хъумэнымкIэ Iэнатl эхэм Интернетым и Iэмалхэр къагъэсэбэп зэрыхъуар иджы щIагъэбыдэпащ телемедицинэм епха хабзэмкIэ. Абыи къару игъуэтащ мы гъэм.

Онлайн Iэмалыр къагъэсэбэпыфынущ пIащIэгъэкIэ чэнджащ хуей хъунухэм, сымаджэщым щIэлъхэм, амбулаторэм екIуалэхэм, уеблэмэ медицинэ Iуэхущ Iапи Iэм пымыщIахэм.

Телемедицинэр къагъэсэбэпынущ дохутырхэм я консилиум ирагъэкIуэкIын, дохутырым сымаджэм чэнджащ къуритын, цIыхур и унэм щIэсыжу абы и узынишагъэм дохутырыр кIэлыплъын папщIэ. Псалъэм папщIэ, мыхьэнэзыуэ иIэнущ зы къаIэ, къуажэ гъэрым щылажьэ дохутырыр щIэнэгъэхутэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкI медицинэ Iуэхущ Iапи Iэм щыIэ Iэщ Iагъэлъэм епсэльэну, ечэнджащ Iэмал зэригъуэтынум.

Ауэ дохутыр, сымаджащ псори хуит щIыныкъым «заочнэ» щыкIэ лэжьэну. Абы щхьэкIэ сымаджэщхэм зыхрагъэтхэн хуейщ Федеральнэ реестрым, дохутырхэм - Федеральнэ регистрым.

Телемедицинэ Iэмалкl э уасэ щIамыту ядэIэпыкъунущ къэралым пщэрылъ зыщищIыкъа программэмрэ Iэмал имыIэу щыIапхъэ медстраховани эмкIэ Федеральнэ фондымрэ къыщыгъэлъэгъуа узыфэхэмкIэ.

УФ-м Узынишагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, телефонкIэ е Интернеткl э зэпсэльа нэужь узыфэ ягъэбелджыламкIэ жэуап зыхьыр жыжьэ щIэ сымаджэм а чэнджащ къезыта дохутырыщ е дохутырхэм я консилиумыщ. Ауэ сымаджэр хъужьыми ехьэлIауэ щIапхъэмкIэ жэуап зыхьыр ар зи нэIэ щIэт дохутырыращи, абы телемедицинэмкIэ зэхиха чэнджащри езыр сымаджэм зэрелъэзари тхуауэ зы илъэскIэ ихьымэн хуейщ.

США-м телемедицинэр къыщагъэсэбэпын щIадзащ 2008 гъэм. ИлъэситI и пэкIэ ириплъэжат а Iуэхум къыпхэкIуами, амбулаторэм кIуэхэм я бжыгъэр процент 70-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Сымаджэщхэм щIэлъхъэм процент 26-рэ яхэщIащ. Абы къикIраци, телемедицинэм мылъкъушхуэ къыдегъахъуэ, медицинэ хуэлухуэщIэм нэхъри зебгъэужьыным тебгъэкIуадэн уиIэныжмкIэ щIэгъэкъуэлышхуэу.

Медицинэм дапхуэдизу зимыужьми, цIыхум и чэзум кIуэуэ и узынишагъэм зэрыкIэлъыгъэпIлъым псори зэрелъытыжар гурыIуэгъуэщI. Абы къыхэкIыу дыщыгъуэзапхъащ «диспансеризацию» жыхуаIэм къыдэхуэнубыдэм.

УзынишагъэмкIэ страховани зыщI компаниехэм мы гъэм щIэщIадзауэ я къалэнщ диспансеризацэм къекIуэлIэн хуейхэм зэсэмэскэ хурагъэхьыну, электроннэ пощткIэ е телефонкIэ хъыбар ирагъэщIэну.

Диспансеризацэм щIэуэ хагъэхьащ лышх узыр къэзыхрахутэ Iэмал псори къагъэсэбэпыну. Цыхум и узынишагъэр ильэсищым зэ къапщытэу арамэ, онкокскрининг жыхуаIэр зы илъэс дэкIмэ етIуанэм ирагъэкIуэкIыну я къалэнщ.

Узынишагъэр къапщытэ IыхьитI гуэшауэ. Псоми щеплъкIэ, зыгуэр къагъэтмэ, апхуэдэ цIыхуу ягъакIуэ а узыфэр нэхъ куууэ къыщапщытэн медицинэ Iуэхущ Iапи Iэ.

Урысейм и цIыху илъэс 18-м нэхъ зэхъыжьхэм я узынишагъэр кърагъэпщытынэм пщIэ щIатыркъым. Курыт, ищхьэ еджапIэхэм щIэсхэм псоми зэгъусэу я Iуэхур зэфIагъэкI.

Налогхэм ящыщу цIыхухэм хуагъэгъунур

УФ-м и Президент Путин Владимир жиIауэ щытащ цIыху мелуан 42-м налогхэм щыщ зэрыхуагъэгъунур. Къапщтэмэ, 2015 гъэм щIышылэм и 1-м ехьэлIэу цIыхухэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ налогхэмкIэ, хуэздыхэмкIэ яхуэзэтрихьар яхуэмыпшыныжьыну, ахэр яхуэгъэгъун хуейуэ къэрал унафэщIхэм къалэпытащ. Мыбы теухуа Хабзэм 2017 гъэм и кIэм къару игъуэтащ. А Хабзэм, нэхъыщхьэу зытеухуам къинэмыщIауэ, къегъэув 2017 гъэм и пэкIэ страховой взносу ямытар, хьэрычэтыщIхэм, узчылхэм, нотариусхэм яхуэзэтрихьа пенязмрэ хуэздыхэмрэ хуагъэгъуну. Мы Хабзэмкl э гулъытэ къыхуащI щIы сотых зиIэ пенсионерхэм - а бжыгъэм налог техуэрэкъым. Къапщтэмэ, мы Хабзэр къигъэсэбэпыфынущ щIыр нэхъыбэу зиIэми. Псалъэм папщIэ, цIыхум сотых 20 иIэмэ, абы щыщу налог зытехуэнур 14-рщ. Мыпхуэдэ льготэр зы щIы Iыхьэм теухуауэщ къуэзратынур. ЩIы Iыхьэ зыбжанэ зиIэ пенсионерыр хуитщ налог щIымытыну зыр езым кIыхьихьну.

Налогхэмкl э Iуэхур тэмэму убзыхуэ зэрымыкIуам, абыкIэ щIыхуэ зытелъхэр егъэлеяуэ зэрыкуэдым хэзэрыхьыжпащ налог инспекцэхэр. Мы Хабзэм абыхэм я Iуэхур ящирЗэпсынщIэнущ.

Нэхъыжьхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ ахъшэ зэхэдзэр щхьэщах

Къат куэду зэтет унэр ксаня щымыIэу зыхуей хуэгъэззэным теухуауэ (капремонт) ят ахъшэмкIэ хуэгъэкIуатэ зиIэхэр нэхъыбэ хъунущ.

ИджыкIэ апхуэдэ ахъшэ зымыт ыр ильэс 70, 80 зи ныбжь пенсионер мылажьэхэрщ. Гу лъыфтэ - зи закъуэу псэухэращ. Пенсионер зэщхьэгъусэхэм я бынхэр, я къуэрыпIъу-пIъурыпIъухэр я Гъусэу псэумэ, льготэ яIэнукъым.

Ахъшэу ятынур хуагъэмащIэнущ ныкъуэдыкъуагъэмкIэ ипэ, етIуанэ гупын хиубыдэжэм. Унагъуэм зы пенсионеррэ ныкъуэдыкъуэрэ исмэ, абыхэм Iэмал ират щIыналъэ, федеральнэ субсидием хэдзу, нэхъ фейдэуэ къыпIыытэр езым кIыхьахыну. Льготэ зиIэхэм федеральнэр нэхъ къащтэ, ар нэхъыбэщ.

Гъэсныпхъэм хэвмыкIэ

Ди къэралым щагъэткIиинущ бензиным и Iуэхур. Дыззрыт мазэм и 29-м щыщIэдзауэ къуэды ин дыдэ ирагъэпшынынущ гъэпцIагъэ щызэрахьэ бензин игъэхъуапIэхэм. Сом мин 500-м кIыщыщIэдзауэ мелуан зыбжанэм нэс ипшынынущ АЗС-м, абы щагъэхъуэу бензиныр мыщIагъуэмэ. АЗС-хэм зи нэIэ тезыгъэтыну Россгандарым и лэжьакIуэхэм къапщытэнущ уасэ зэпта бензиным хуэдиз машинэм ирагъахъуэ-ирамыгъахъуэми.

Ерыскъыхэкl къабзэхэр

Химие къамигъэсэбэпу Урысейм къыщыщIагъэкI ерыскъыхэкIхэм дуней псом къыщагъэсэбэпым и процент 25-р яубыдыфынущ, ауэ зэкIэ ар зэрыхьур зы процентщ.

Диззманым кIуэпэтми цIыхухэм къагуроIуэ яшхымрэ я узынишагъэмрэ зэгуэхыпIэ имыIэу зэрызэпхар. Аращ дуней псом щIэупщIэшхуэ иIэу щыщащэхур химие зыпIъэмыIэса мэкъумэшхэкIхэр, хадзэкIхэр, пхъэщхьэмыщIхэр.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий зи гугъу тщIы Iэхъуэгъэм щытепсэлъыхь зэIущIэм щыжиIащ иджыри къэс къамыгъэсэбэпауэ, химие ильэмыIэсауэ щIышхуэ зиIэ ди къэралым фейдэ къызэрыхихьфынур, мы Iэнатl эм зрагъэужьмэ.

- ЦIыхухэр къыдахьэхьи, ерыскъыхэкIыр зэрыкъабзэр къагъэлъэгъуэн щхьэкIэ, «био», «эко», «фермерский», «натуральный», нэгъуэщIхэри тратхэ, нэхъыбэм ар пцIыми, - жиIащ Медведевым. - Правительствэм игъэхъэзыра Хабзэм къаугъуэтмэ, щхьэж зыхуейр и ерыскъыхэкIым ятеIуэнащ щIэныгъэр къэзыщтам папщIэ.

Мэкъумэш Iэнатl эмкIэ министр Ткачёв Александр жиIэ гъавэ бэ къраухэлIэн папщIэ ГМО къагъэсэбэпу зэрамыдэнур, а Iэмалым къэрал зыбжанэ хуэкIуами.

ЩIэн щхьэкIэ. Урысейм и мэкъумэш щIапIэр гектар мелуан 80-м щIигъуащ. А бжыгъэм хэхъуэным хуэщIхьэпащ щIы къищтауэ илъэс пщIы бжыгъэкIэ къэзымыгъэсэбэпын ар къытрахыжьну хуиту хабзэ щIэ зэрыхъуапэр куэд щIауэ зыри зытрамыщIэж щIым и уасэм зэрыкIэрыхуамрэ.

Хьэршым зи гур щыIэ

«Махуэкум» и зи чэзу къыдэкIыгъуэр тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ, щIэуэ къэхъуамкIэ духынщ.

Къэрэшей-Шэрджэсыи и Псэукl э-Дахэ къуажэм щыщ КIэдыкIуей Хьэзрэ Iил обсерваторие ищIащ, телескопитI щIэту.

Ильэс 79-рэ зи ныбжь Хьэзрэ Iил и закъуэ хузэфIэкIар иджы псоми ягъэщIагъуэ. Езыр насыпыфIэщ, и гъащIэ псом и гум щигъэфIа хуэзэпсапIэр къехъуэлIащи. Хьэзрэ Iил ильэс 45-кIэ курыт еджапIэм щылэжьащ, физикэмкIэ, математикэмкIэ, астрономиемкIэ игрыдаджэу.

- 1966 гъэм астрономиемкIэ кружок къызэIуахыну мурад щысщIам, сынтегушхуэри СССР-м и обсерваторие псоми сытхат, - жиIэ Хьэзрэ Iил. - Зы илъэс дэкIауэ письмо къыслэрыхьащ академик Амбарцумян Виктор къитхыжу. Абы хъыбар къызигъащIэу арат ди кружокым папщIэ зы телескоп къызэрызатым теухуауэ. ЕгъэджакIуэу сылэжьэу ар къэзгъэсэбэпащ, иужькIэ астрономиемкIэ дерсхэр щымыIэж щыхъум, унэм къэсхьауэ сохьумэ, - жиIэ абы.

Хьэзрэ Iил и жагъуэ мэхъу астрономиер зэрамыджыжыр: «Курыт еджапIэр ныбжьащIэхэм къаух хьэршымрэ вагъуэхэмрэ зыри хамыщIыкIыу. Ар дауэ?» - жиIэ КIэдыкIуейм.

Е Iуэтэн телескопыр езым ищIауэ къыщIэкIащ: гъуджэр Симферополь къырищащ, астрономиер фIыуэ зыбгащIэхэм я зэгуэныгъэ а къалэм щыIэм хэтхэм и хьэтыр къальагъуэр. Бззхум (алюминиум) къыхэщIыкIа бжьамий хуейти, къуажэ псом къыхиха флягэхэр зэпигъэж-зэпигъэувэзэрэ ищIащ.

ИтIанэ обсерваториер ихуэным яужь ихьэри, ильэситI пIалъэ ихьащ а Iуэхум.

- Иджы согуфIэ, сабийхэр яфIэфIу къакIуэу хьэршым «зэрызыщапIыхьыр» солъагъури. ЩIэныгъэ къэзыльхьэуэр абы хэбгъэн хъурэ? - жиIэ Хьэзрэ Iил.

Унэ зыщIа, бынитху зыпIа, щIэныгъэм зи гур ета КIэдыкIуей Хьэзрэ Iил и Iэщ Iагъэр цIыху тельъыджэм и дуней тетыкIэщ.

ЩIэныгъэм теухуауэ иджыри зы хъыбар. Ростов щыщ унагъуэ 30 зэгуфIуауэ я бынхэр езыхэм ирагъэджэж. «Свирель» фIащащ, я еджапIэм. Мыбы екIуалIэ сабийхэм я адэ-анэхэр зэныбжьэгъущ, гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм здэщIыIэм зэрыцIыхуэуэ. Адэ-анэхэм яхэтщ сабийхэм яджын хуейм фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ IагъэлIхэр.

Анэхэм ящыщ зым зэрыжиIэмкIэ, сабийхэр еджапIэкIэ къызэрымыкIуэу щош, я нэхъ акъыл жанри дерсхэр къытехьэлъэ хьууэ. Абы къельытэ псынщIэу зызыхъуэж мы дунейм ухуэхъэзэрыпх хуейуэ.

- Стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэм игъэхъэзыращ Iэщ IагъэлIхэм я Атлас. Абы къызэрыщIагъэлъэгъуамкIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу Iэщ Iагъэу 186-рэ кIуэдыжынущ, щIэуэ къэунэхунущ 57-рэ, - жиIэ егъэджакIуэ Козинченко Ириндэ. - Аращи, щIэблэм дадэIэпыкъун хуейщ а зэхъуэкIыныгъэхэм зыхуагъэхьэзэзырынымкIэ.

Ростов щыщ унагъуэхэм я жэрдэмыр гъэщIэгъэнщ, сабийхэм гулъытэ зэрагъэтым, я адэ-анэхэм яхъ гъунэгъу зэрахуэхъум, абыхэм я зэфIэкIыр нэхъ зэрызыхащIэм, езы цIыкIуэри псэкIэ гугъу зэрымыхьым, я узынишагъэр хъума зэрыхъум тещIыхьауэ уегупсысмэ. Ауэ курыт еджапIэм и телъхьэхэм мы жэрдэмыр щIамыдэнум и щхьэусыгъуэу жаIофынур нэхъ мащIэу кIыщIэкIынкъым.

- Къэрэшей-Шэрджэсыи и Псэукl э-Дахэ къуажэм щыщ КIэдыкIуей Хьэзрэ Iил обсерваторие ищIащ, телескопитI щIэту.

Ильэс 79-рэ зи ныбжь Хьэзрэ Iил и закъуэ хузэфIэкIар иджы псоми ягъэщIагъуэ. Езыр насыпыфIэщ, и гъащIэ псом и гум щигъэфIа хуэзэпсапIэр къехъуэлIащи. Хьэзрэ Iил ильэс 45-кIэ курыт еджапIэм щылэжьащ, физикэмкIэ, математикэмкIэ, астрономиемкIэ игрыдаджэу.

- 1966 гъэм астрономиемкIэ кружок къызэIуахыну мурад щысщIам, сынтегушхуэри СССР-м и обсерваторие псоми сытхат, - жиIэ Хьэзрэ Iил. - Зы илъэс дэкIауэ письмо къыслэрыхьащ академик Амбарцумян Виктор къитхыжу. Абы хъыбар къызигъащIэу арат ди кружокым папщIэ зы телескоп къызэрызатым теухуауэ. ЕгъэджакIуэу сылэжьэу ар къэзгъэсэбэпащ, иужькIэ астрономиемкIэ дерсхэр щымыIэж щыхъум, унэм къэсхьауэ сохьумэ, - жиIэ абы.

Хьэзрэ Iил и жагъуэ мэхъу астрономиер зэрамыджыжыр: «Курыт еджапIэр ныбжьащIэхэм къаух хьэршымрэ вагъуэхэмрэ зыри хамыщIыкIыу. Ар дауэ?» - жиIэ КIэдыкIуейм.

Е Iуэтэн телескопыр езым ищIауэ къыщIэкIащ: гъуджэр Симферополь къырищащ, астрономиер фIыуэ зыбгащIэхэм я зэгуэныгъэ а къалэм щыIэм хэтхэм и хьэтыр къальагъуэр. Бззхум (алюминиум) къыхэщIыкIа бжьамий хуейти, къуажэ псом къыхиха флягэхэр зэпигъэж-зэпигъэувэзэрэ ищIащ.

ИтIанэ обсерваториер ихуэным яужь ихьэри, ильэситI пIалъэ ихьащ а Iуэхум.

- Иджы согуфIэ, сабийхэр яфIэфIу къакIуэу хьэршым «зэрызыщапIыхьыр» солъагъури. ЩIэныгъэ къэзыльхьэуэр абы хэбгъэн хъурэ? - жиIэ Хьэзрэ Iил.

Унэ зыщIа, бынитху зыпIа, щIэныгъэм зи гур ета КIэдыкIуей Хьэзрэ Iил и Iэщ Iагъэр цIыху тельъыджэм и дуней тетыкIэщ.

ЩIэныгъэм теухуауэ иджыри зы хъыбар. Ростов щыщ унагъуэ 30 зэгуфIуауэ я бынхэр езыхэм ирагъэджэж. «Свирель» фIащащ, я еджапIэм. Мыбы екIуалIэ сабийхэм я адэ-анэхэр зэныбжьэгъущ, гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм здэщIыIэм зэрыцIыхуэуэ. Адэ-анэхэм яхэтщ сабийхэм яджын хуейм фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ IагъэлIхэр.

Анэхэм ящыщ зым зэрыжиIэмкIэ, сабийхэр еджапIэкIэ къызэрымыкIуэу щош, я нэхъ акъыл жанри дерсхэр къытехьэлъэ хьууэ. Абы къельытэ псынщIэу зызыхъуэж мы дунейм ухуэхъэзэрыпх хуейуэ.

- Стратегие жэрдэмхэмкIэ агентствэм игъэхъэзыращ Iэщ IагъэлIхэм я Атлас. Абы къызэрыщIагъэлъэгъуамкIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу Iэщ Iагъэу 186-рэ кIуэдыжынущ, щIэуэ къэунэхунущ 57-рэ, - жиIэ егъэджакIуэ Козинченко Ириндэ. - Аращи, щIэблэм дадэIэпыкъун хуейщ а зэхъуэкIыныгъэхэм зыхуагъэхьэзэзырынымкIэ.

Ростов щыщ унагъуэхэм я жэрдэмыр гъэщIэгъэнщ, сабийхэм гулъытэ зэрагъэтым, я адэ-анэхэм яхъ гъунэгъу зэрахуэхъум, абыхэм я зэфIэкIыр нэхъ зэрызыхащIэм, езы цIыкIуэри псэкIэ гугъу зэрымыхьым, я узынишагъэр хъума зэрыхъум тещIыхьауэ уегупсысмэ. Ауэ курыт еджапIэм и телъхьэхэм мы жэрдэмыр щIамыдэнум и щхьэусыгъуэу жаIофынур нэхъ мащIэу кIыщIэкIынкъым.

Плланэпэр зыгъэхьэзыра **ШИРДИЙ Марин**эщ.

● Студент гъащIэ

Шэджэм аузым зыщаплъыхь

Хамэ къэралхэм къикIа щIалэгъуалэ куэд щоджэ ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ, Iэщ Iагъэ зэрырагъэгъуэтым къыдэкIуэу, еджапIэ нэхъыщ Iыхьэм абыхэм папщIэ щIэх-щIэхьыуэ къыщыхэзрагъэпэщ щIыналъэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм, хабзэхэм, щIыпIэм и къугъуэфIыгъуэхэм студентхэр щыгъуазэ щIэныгъуэхэр. КъБКъУ-м и пресс-Iэнатl эм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, апхуэдэу а студентхэм иджыблагъэ зыщрагъэплъыхьащ Шэджэм аузым.

НЭГУЗЫУЖЬЫМ хэта щIалэгъуалэм папщIэ урысыбзэ дерсхэм япэщIыкIэ щрагъэкIуэкIащ Шэджэм аузым щыщIэ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэм ятеухуа псалъэмакъ. Итlанэ студентхэр яшащ езы щIыпIэм икIи хуиту абы зыщрагъэплъыхьащ.

- Шэджэм аузыр ящыщщ ди республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэм, - жиIэ хамэ къэралхэм щыщ студент гупхэм я гъусэу зыплъыхьакIуэ щыIа, кафедрэм и куратор Романовэ Татьяна. - Псом хуэдэжкъым Шэджэм псыкъелъэхэм щIымахуэм яIэ теплъэ теIыджкIэр. Ди нэгу къыщIэува теплъэгъуэхэр фIэщ щыгъуейуэт. Адэ-лъагэу хъыщажьэ псы «Iэрамэхэр» и лъабжьэмкIэ щэхуу щыIущащэ псы ежэхым щхьэщыщIу, пкъо пэлъытэу зэщIэщтэхэуэ. Абыхэм щыщ языныкъуэхэр захуэу йох, адрейхэм уи нэгу къыщIагъэхьэжыг къудамэ баринэхэр е ткIуэу дижжа щэху уэздгъуэ ткIуэпсхэр.

Студентхэм хуабжьу ягу ирихьащ Шэджэм аузыр. Абыхэм сурэтхэр куэду щытащ. Щэн хэмылъу, ялъэгъуахэмрэ а сурэтхэмкIэ ахэр ядэгуэшэнущ хамэ щIыпIэхэм щыпсэу я Iыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьыгъухэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мэзкуу къыщыкIэлъоплъ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм хэт ди щIалэхэу Мырзэ Резуан, Щэуэй Алихъан, Гордюшенкэ Астемыр, Къалмыкъ Амур сымэ мыгувэу гъусэ яхуэхъуфынущ Пащты Руслан. Мы махуэхэм абы къыщыкIэлъоплъ Мэзкуу и «Динамо»-м.

ПАЩТЫ Руслан футболым зыщыхуигъэсаси топ джэгуным щыщIидзари Налшыкщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта «Мегафон-Кавказ» командэм щриигъэжьащ, арщхьэкIэ мыгувэу Мэзкуу и «Динамо»-м и спорт школым, и ныбжьыр илъэс пщыкIуухэм иту, щIэтIысхьащ. Абы и щIалэгъуалэ гупым хэту 2009 - 2010 гъэхэм джэгуащ. КъыкlэлъыкIуэ илъэсым Новгород Ищхъэрэ и «Волга»-м и балигъхэм яхьыхащ. Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным ипкъ иткIэ екIуэкI зэхьэзэхуэм фокIадэм и 21-м Мэзкуу и «Спартак»-р щIыхэзыгъэщIахэм яхэтащ икIи зэIущIэ нэужь пенальтихэм ящыщ зыр я хьэрхуэрэгъуэхэм яхудигъэкIащ.

ИужькIэ Пащты Руслан щыджэгащ Дзержинск и «Химик», Курск и «Авангард», Саратов и «Сокол» командхэм. Нэгъабэ къигъэзэжри, «Спартак-Налшыкым» и щIыхьэр ихьумащ икIи гупым щынэхъыфIхэм ящыщащ.

Иджыблагъэ Пащты Мэзкуу иригъэблагъэжащ «Динамо»-м и щIалэгъуалэ командэм щызыгъасзу щIатыуэ иджы балигъхэм я тренер нэхъыщхьэ хъуа Хохлов Дмитрий. Нэхъапэм зэрыдэIэжьам къыхэкIыу Руслан и зэфIэкIхэр абы хъарзынэу ещIэ икIи хуэфэщэну зыкъыгъэлъагъуэмэ, къыщтэну хьэзырщ.

Ильэс 25-рэ зи ныбжь Пащты иджыпсту и къару илъыгъуэщ. Абы и зэфIэкIхэр зэрыпIагъэм щыхьэт техьауэ «Динамо»-м хэту Румынием и «Газ-Метан»-мрэ Литвам и «Стумбар»-мрэ иужьу щыдэджэгуа зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр. Мэзкуудэсхэр япэм 1:0-у щытекIуащ, адрейм 0:0-у щызэбгъэдэкIыжащ. АрщхьэкIэ Руслан премьер-лигэм къащтэным теухуа унафэр куэд дыдэм ельытащ икIи хъыбарыфIхэм дыпэплъэнщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

КъБР-м Щэнхабзэмкl э и министерствэр «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и артист **Алэкъуей Аскэр Мухьэмэд и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Алэкъуей Альбинэ** игъуэ нэмысу дунейм зэрехьэжам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), **Ширдий Марин**э (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ Iэ-пыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ I Иэ.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КъУДАМЭХЭМ: политикмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкl э - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42